

Pwoteje tèt ou, fanmi w, ak tou moun ou gen sousi pou yo avèk vaksen kont grip ak Kovid

Kisa grip ak Kovid ye?

Grip ak KOVID se de maladi respiratwa ki atrapan anpil, men yo pa menm viris. Tou de ka fè moun malad grav epi ba yo:

- Lafyèv
- Maltèt
- Kò fè mal oswa frison
- Tous
- Fatig oswa oswa kò kraze
- Anpeche w byen respire
- Nemoni (maladi nan poumon)
- Lòt sentòm ki grav ki fè li oblije ale lopital oswa lakòz lanmò

Si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, li enpòtan pou ale nan yon sant sante pou ka fè tès oswa pou resevwa swen. Pi bonè ou pran swen plis l ap ka diminye risk pou vin malad grav.

Eske vaksen pou grip ak Kovid ap anpeche mwen pa malad?

Vaksen sa yo anpeche ou menm ak fanmi w vin malad grav. Moun ka toujou pran grip oswa KOVID apre yo fin pran vaksen sa yo; sepandan, moun ki vaksinen gen mwens chans pou yo genyen konplikasyon oswa sentòm grav.

Ki moun ka pran vaksen pou grip ak Kovid?

Nenpòt moun ki gen plis pase 6 mwa (yon ti bebe) oswa plis (yon granmoun) ka pran vaksen kont grip ak KOVID chak lè li kòmanse fè frèt oswa gen bon jan fredi.

Yo rekòmande moun ki gen plis risk pou yo vin malad grav akòz viris sa yo pou yo resevwa lòt dòz vaksen KOVID, tankou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb, kò yo gen anpil difikilte pou konbat viris sa yo, oswa ki gen gwo pwoblèm sante tankou dyabèt, maladi kè, ak moun ki gen plis pase 65 lane.

Èske mwen ka resevwa vaksen kont grip ak KOVID an menm tan?

Wi, ou ka pran vaksen kont grip ak KOVID an menm tan. Sa p ap koze pwoblèm epi yo ede w pwoteje tèt ou kont viris sa yo. Anplis, li ede w ekonomize tan paske ou pran de vaksen an menm tan nan yon sèl vizit.

Haitian Creole

Èske mwen ta dwe resevwa vaksen sa yo si mwen te deja pran yo?

Chak lane, yo mete vaksen yo ajou pou pwoteje nou kont viris ki toujou ap evolye. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou w kontinye pran vaksen kont grip ak KOVID yo. Vaksen yo ede ou menm, fanmi ou, ak moun ou gen sousi pou yo rete djanm epi ede ou rate jou travay oswa lekòl.

Èske vaksen kont grip la ap pwoteje m kont grip avyè?

Non. Vaksen kont grip la pwoteje moun kont grip yo jwenn nan sezon grip. Si w ap travay ak bèt nan fèm tankou bèt volay ak bèf, ou gen plis risk pou w trape grip avyè paske lè bèt malad yo transmèt moun viris la atravè krache yo, poupou ak lòt likid ki sòti nan kò yo.

Lè w pran vaksen kont grip, li ka diminye risk pou w pran grip sezonye. Piske li posib pou kontrakte grip sezonye ak grip avyè, li enpòtan pou toujou pwoteje tèt ou kont grip sezonye pou diminye risk pou w pran lòt jèm viris.

Èske vaksen grip ak Kovid bay lòt efè segondè?

Anjeneral, efè segondè vaksen pa dire anpil epi sentom yo, tankou doulè nan bra, lafyèv, doulè nan kò, ak frison, yo pa two grav.

Ki kote mwen ka ale pran vaksen?

Li fasil pou ale pran vaksen kont grip kont KOVID pou pwoteje tèt ou, fanmi w, ak moun ou gen sousi pou yo.

Vizite MyTurn.ca.gov (yon sit ki an Anglè) pou ka jwenn yon klinik vaksinasyon ki toupre w oswa kontakte National Center for Farmworker Health (Sant Nasyonal Pou Sante Peyizan). Rele Sant Dapèl nan nimewo sa yo: +1 (800) 377-9968 (yo bay sèvis an Anglè ak Espanyòl) oswa ou ka kontake yo atravè WhatsApp nan + (737) 414-5121 yo bay sèvis an Anglè ak Espanyòl) pou jwenn plis enfòmasyon.

Ministè sante, founisè swen sante, famasi, oswa klinik ki bò lakay ou ka bay ou posibilite pou ou pran vaksen sa yo tou. Si ou pa gen asirans sante, ou ka mande sant sante ki bò lakay ou a, klinik, oswa famasi si yo bay rabè pou ede w kouvri pri vaksen yo.

California Department of Public Health (Ministè Sante Piblik Kalifòni) te ede devlope ak bay sipò pou kreye ti liv edikasyon sou vaksen kont grip ak Kovid sa.

NCFH
National Center for Farmworker Health, Inc.